

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa mangrupa mahluk sosial anu sapopoéna tangtu moal leupas tina komunikasi. Salah sahiji pakakas komunikasi manusa nyaéta ngagunakeun basa. Minangka pakakas komunikasi, basa téh tuluy mekar luyu jeung beuki legana ambahan kahirupan manusa. Kitu deui, masarakat Sunda hirup di lingkungan sosial, norma-norma, jeung ajén-ajén budaya Sunda (Sudaryat, 2015, kc. 15). Atuh munasabah jeung geus sakuduna masarakat Sunda nalika nyarita téh maké basa Sunda jeung nyangkem kandaga kecap basa Sunda.

Sacara umum, basa anu digunakeun ku masakat Indonésia téh leuwih ti hiji anu disebut ogé *dwibahasa/multibahasa*. Kitu deui di Jawa Barat, basa-basa nu dipaké téh nyaéta basa Sunda salaku basa daérah, basa Indonésia salaku basa nasional, sarta basa deungeun salaku basa Internasional. Basa daérah anu dipaké di Jawa Barat hususna di kabupatén Tasikmalaya nyaéta basa Sunda. Luyu jeung pamadegan Firdaus & Setiadi (2015, kc. 1090), anu nétélakeun yén basa Sunda téh minangka salah sahiji idéntitas kasundaan.

Aya tujuh fungsi basa, nurutkeun Halliday (dina Sudaryat, 2004, kc. 17), nyaéta fungsi *instruméntal*, fungsi *régulasi*, fungsi *répréséntasional*, fungsi *interaksional*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik* jeung fungsi *imajinatif*. Éta fungsi-fungsi téh tangtuna kawilang gedé pangaruhna pikeun prosés komunikasi papada manusa dina kahirupan sapopoéna.

Salah sahiji cabang élmu basa anu nalungtik ngeunaan élmu sosial jeung linguistik atawa kabasaan disebut ogé sosiolinguistik. Ieu élmu sosiolinguistik téh nalungtik basa anu aya hubunganana jeung kaayaan masarakatna (Haq, Sudrajat, & Firmansyah, 2020, kc. 799). Ku kituna, konsép tina sosiolinguistik téh ngaguar fénoména sosial anu raket patalina jeung fénoména makéna basa anu disebut ogé sikep basa.

Aya dua rupa sikep basa, nu kahiji nyaéta sikep kabasaan, sarta nu kadua nyaéta sikep non kabasaan, di antarana waé sikep sosial, sikep pulitik, sikep kaagamaan, sarta sikep éstétis (Anderson dina Chaer & Agustina, 2014, kc. 151). Nurutkeun Garvin jeung Mathiot (dina Chaer & Agustina, 2014, kc. 152), yén sikep basa téh boga ciri-ciri nyaéta (1) reueus makéna basa (*language pride*), hartina unggal jalma kudu ngarojong pikeun mekarkeun basa sarta ngagunakeun basa minangka lambang idéntitas masarakatna; (2) kasatiaan basa (*language loyalty*), hartina papada jalma kudu ngarojong pikeun ngabéla basana sangkan teu kapangaruhan ku basa séjén; jeung (3) kasadaran ayana norma basa (*awareness of the norm*), hartina unggal jalma kudu silih ngarojong pikeun ngagunakeun basa sacara taliti. Nilik tina éta pedaran, sikep basa téh gedé pisan pangaruhna kana makéna basa (*language use*) dina kahirupan sapopoé.

Sacara historik, kerangka basa Sunda sok robah saluyu jeung pola pikir urang Sunda boh dina kontéks sosial, politik, jeung budaya anu dipangaruhan ku budaya deungeun (Firdaus & Setiadi, 2015, kc. 1090). Leungitna basa Sunda di tatar Sunda, kusabab nu maké basa Sunda téh beuki saeutik. Kurang mikaresepna urang Sunda jeung héséna Undak-Usuk Basa Sunda nepi ka sieun ngagunakeun basa Sunda salaku basa daérahna sarta bisi disebut jalma anu teu luhung budayana jeung teu boga tatakrama. Salah sahiji usaha pikeun ngamumulé basa Sunda téh ku cara dipakéna basa Sunda ku masarakat Sunda.

Loba siswa anu ngan saukur ngarti saeutikna tina kandaga kecap basa Sunda anu aya. Ieu téh dipangaruhan ku IPTEK anu ngabalukarkeun masarakat Sunda ngaapilainkeun basana sorangan (Selvia, 2014, kc. 2). Éta hal téh dibalukarkeun ku leuwih reueusna ngagunakeun basa deungeun tibatan ngagunakeun basa Sunda salaku basa Indung.

Basa Sunda ogé boga ajén étika jeung budayana sorangan, siga makéna basa ka saluhureun, sahandapeun, jeung sapantaran. Komo deui dina média sosial, *public figure* lamun aya kasalan makéna basa sok di koméntaran ku *netizen*. Éta hal téh luyu jeung pamadegan Nurjanah, spk. (2021, kc. 94), anu nétélakeun yén kasalahan basa anu dilakukeun ku *public figure* dina média sosial sok dikoméntaran négatif ku *netizen*, bari teu mikirkeun kumaha kasang tukang tina éta kajadian. Éta hal téh

balukar tina teu mikirkeun positif jeung négatifna tina naon nu diasupkeun kana média sosial, nu dipikirkeunna téh sangkan kasohor wungkul.

Basa Sunda mangrupa basa anu turun-tumurun anu aya di Jawa Barat. Ku lantaran kitu, boga poténsi pikeun pakakas komunikasi tur boga tradisi jeung ngakar di masarakat (Wawan, Nugraha, & Fauziya, 2018, kc. 427). Ku kituna, urang Sunda di pilemburan mangrupa pamaké basa Sunda panglobana ditatar Sunda, jeung mindeng ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna.

Milih basa anu rék dipaké dina komunikasi ditangtukeun ku sababaraha aspék, nyaéta saha nu nyarita, nu diajak nyarita, nu dicaritakeun, naon tujuanana, dimana tempatna, iraha waktuna, kumaha kontékna, naon médiana, jeung aya dina peristiwa atawa kajadian nu kumaha. Ku kituna, basa sunda dipaké ku balaréa boh éta kasaluhureun, kasahandapeun, atawa kasapantaran, boh dilembur atawa di kota jeung nyaritakeun rupa-rupa jejer dina kahirupan.

Salah sahiji pangdeudeul makéna basa téh nyaéta kumaha kamampuh ngalarapkeun kandaga kecapna. Nurutkeun Tarigan (2011, kc. 4), kecap-kecap anu dicangkem mangrupa kecap anu bisa dirasa, kandaga kecap sapopoé, pernah karandapan, jeung mangrupa hal anu moal bisa dipopohokeun. Ku kituna, sakumna kecap anu aya dina hiji basa atawa hiji wewengkon sok disebut ogé kandaga kecap atawa kabeungharan kecap. Éta kandaga kecap téh sipatna dinamis. Sanajan kitu, selang surupna kandaga kecap, parobahan, katut kamekaranana sok dipaluruh ku widang élmu anu disebut *leksikologi*.

Siswa boga anggapan yén maké basa daérah téh hésé jeung teu gaul. Ku sabab kitu, sabagéan siswa milih ngagunakeun basa campuran (basa Indonesia jeung basa Sunda) anu disebut interférensí. Luyu jeung pamadegan Chaer & Agustina (2014, kc. 227), yén basa Indonésia jeung basa daérah sok silih pangaruhan. Ku kituna, aya basa Indonesia ragam Jawa Barat anu kasunda-sundaan. Éta pangaruh téh bisa nyieun siswa jadi kurang ngawasa kana kandaga kecap basa Sunda anu merenah, boh nalika nyarita boh nalika nulis. Malah mah sok aya kasalahan basa nu dianggap wajar ku siswa lantaran geus mindeng diucapkeun dina kahirupan sapopoéna.

Faktor séjén anu bakal ngabalukarkeun leungitna basa Sunda kalindih ku basa séjénna nyaéta beuki Luhurna basa Indonésia. Éta hal téh katitén tina digunakeunna

basa Indonésia minangka basa panganteur dina pangajaran di sakola. Ku kituna, pamaké basa Sunda beuki saeutik.

Nurutkeun Rahman (2016, kc. 72), basa anu digunakeun gumantung kana lingkungan jeung budaya sapopoéna. Hartina, lamun lingkungan sapopoéna teu ngarojong dina maké basa Sunda, siswa bakal leuwih mentingkeun maké basa Indonésia jeung basa deungeun tibatan maké basa daérahna sorangan.

Makéna basa pikeun prosés komunikasi sangkan lancar jeung écés antara panyatur jeung pamiarsa téh kudu dibarengan ku kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap anu merenah. Utamana waé dina makéna basa jeung ngalarapkeun kandaga kecap basa Sunda salaku basa indung anu dipaké minangka basa panganteur dina prosés komunikasi sapopoé. Contona nalika ngobrol, siswa kudu maké basa Sunda boh di lingkungan kulawarga, di lingkungan atikan (lingkungan atikan formal jeung lingkungan atikan non formal), boh di lingkungan masarakat. Lamun lingkunganna ngarojong maké basa Sunda dibarengan ku kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap basa nu merenah, tangtu waé basa Sunda salaku basa daérah téh moal kalindih ku basa séjénna, sarta siswa bakal bisa maké basa Sunda sarta kandaga kecap anu merenah dina kahirupan sapopoéna.

Dumasar hasil wawancara ka salah sahiji guru basa Sunda di SMP Negeri 2 Ciawi, yén siswa di SMP Negeri 2 Ciawi masih ngagunakeun basa Sunda di sakola. Tina hasil obsérvasi awal ogé, siswa ngagunakeun basa Sunda nalika jajan, ngobrol jeung guru ogé babaturanana, sarta dina kandaraan umum. Ku kituna, saeutikna siswa ngarti kana kandaga kecap basa Sunda anu dipaké dina kahirupan sapopoé.

Dumasar kana pedaran di luhur, yén basa téh boga kalungguhan nu poténsial, bisa mangaruhan kana kamekaran kahirupan jeung kandaga kecap manusa. Ari kamekaran, kahirupan, jeung kandaga kecap siswa téh salah sahijina bisa katitén dina nyangkem pangajar basa di sakola. Pasualanana nyaéta sakumaha gedéna kalungguhan basa sapopoé kana ngalarapkeun kandaga kecap siswa.

Panalungtikan sarupa kieu lain hal nu anyar, sabab kungsi aya anu nalungtik, saperti ku Tita Oktavian (2017), anu maluruh ngeunaan “Hubungan Makéna Basa Sapopoé jeung Kamampuh Ngalarapkeun Tatakrama Basa dina Paguneman Siswa Kelas X-A SMK YAPPRI Taun Ajar 2016/2017”. Hasil panalungtikanana

nuduhkeun yén makéna basa sapopoé téh henteu boga korélasi anu signifikan jeung kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa dina paguneman siswa kelas X-A SMK YAPPRI taun ajar 2016/2017. Tuluy ku Nita Nur Hikmah (2015) ngeunaan “Korélasi antara Makéna Basa Sapopoé jeung Kamampuh Biantara Siswa Kelas X-A MIA 2 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2014/2015”. Hasil tina panalungtikanna nuduhkeun yén makéna basa Sunda, Sunda-Indonésia, jeung basa séjénna téh henteu boga korélasi anu signifikan kana kamampuh Biantara siswa, iwal ti makéna basa Indonésia anu nuduhkeun ayana korélasi anu signifikan kana kamampuh biantara siswa kelas X-A MIA 2 SMA Pasundan 1 Bandung taun ajar 2014/2015. Sanajan mirip jeung panalungtikan saméméhna, tapi aya bédana. Ieu panalungtikan sarua nalungtik ngeunaan korélasi makéna basa. Bédana aya dina variabel anu jadi bahan panalungtikanana nyaéta ngeunaan larapna kandaga kecap nu boga fungsi pikeun ngalatih kamampuh kaparigelan basa siswa. Kitu deui anu jadi subjék dina ieu panalungtikan nyaéta siswa SMP kelas VII, VIII, jeung IX, béda jeung panalungtikan saméméhna, anu jadi subjék dina panalungtikanna nyaéta siswa kelas X SMA.

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngukuhan unsur kabasaan nu patalina jeung kandaga kecap basa Sunda. Ku kituna, dumasar kana kasang tukang masalah nu geus dipedar saméméhna, panalungtikan ngeunaan “Korélasi antara Makéna Basa Sunda Sapopoé jeung Kamampuh Ngalarapkeun Kandaga Kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi Taun Ajar 2022/2023” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Basa sapopoé dipangaruhan ku sababaraha faktor anu nangtukeun pilihan laku basa, nyaéta (1) saha nu nyarita, nu diajak nyarita, jeung nu dicaritakeun; (2) naon tujuanana; (3) dimana tempatna jeung iraha waktuna; (4) kumaha kontékna, (5) naon médiana; jeung (6) aya dina peristiwa atawa kajadian nu kumaha. Salah sahiji anu jadi pangdeudeul kamahéran milih laku basa anu merenah téh ngawengku kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap.

Aya sababaraha masalah anu kaidéntifikasi, di antarana basa Sunda kapangaruhan ku basa Indonésia utamana minangka basa nasional sarta basa

deungeun anu ngabalukarkeun frékuénsi anu maké basa daérah téh ngurangan. Basa anu dipaké henteu ajeg dina basa galeuhna atawa aya pacampurna basa. Ku kituna, ngabalukarkeun siswa nganggap éta kandaga kecap dina hiji basa téh wajar, padahal mangrupa kasalahan basa. Kurangna pangaweruh atawa kamampuh pikeun néangan istilah anu sawanda.

Tina idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha makéna basa Sunda sapopoé siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023?
- b. Kumaha kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023?
- c. Kumaha korélasi makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah panalungtikan anu dipedar, ieu panalungtikan boga tujuan anu baris dihontal nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh tingkat korélasi antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. makéna basa Sunda sapopoé siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023;
- b. kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023; jeung
- c. korélasi makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Luyu jeung tujuan panalungtikan anu dipedar, ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat boh mangpaat téoritis boh mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan hal anu patali jeung kaparigelan basa hususna kaparigelan nulis, nyaéta korélasi antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat pikeun sababaraha pihak ieu di handap.

a. Pikeun Panalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan korélasi antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap. Dipiharep ogé bisa méré pangalaman ka panalungtik sangkan bisa leuwih ngaronjat deui dina panalungtikan satuluyna.

b. Pikeun Siswa

Dipiharep tina ieu hasil panalungtikan bisa ngamotivasi siswa sangkan maké basa Sunda jeung ngalarapkeun kandaga kecap anu merenah.

c. Pikeun Guru

Dipiharep bisa jadi pangrojong sangkan ngaronjatkeun kualitas ngajarna, hususna dina ngaronjatkeun maké basa Sunda jeung ngalarapkeun kandaga kecap anu merenah.

d. Pikeun Sakola

Tina ieu hasil panalungtikan, dipiharep pihak sakola ngaronjatkeun hal-hal anu bisa ngungkulan ieu pasualan boh sarana prasarana atawa hal séjénna, sangkan ngarogjong guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu skripsi dibagi jadi lima bab nyaéta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV jeung Bab V.

Bab I Bubuka, medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat praktis jeung mangpaat tioritis, sarta raraga tulisan.

Bab II Tatapakan Tiori, medar ngeunaan ngeunaan tiori-tiori anu patali jeung tiori makéna basa Sunda sapopoé anu ngawengku basa jeung fungsi basa; sarta makéna basa, di antarana hakékat makéna basa, ragam basa, lingkungan basa jeung basa gaul. Tiori kandaga kecap anu ngawengku kandaga kecap dina makéna basa, di antarana wangenan kandaga kecap, kandaga kecap minangka leksem, kagunaan kandaga kecap, wangun kandaga kecap, kandaga kecap dasar, wanda kandaga kecap, kamekaran kandaga kecap, adegan kandaga kecap, jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap. Panalungtikan saméméhna, raraga mikir, anggapan dasar jeung hipotésis panalungtikan.

Bab III Métodologi Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, populasi, sampel, prosedur/galur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran panalungtikan anu ngadéskripsikeun makéna basa Sunda sapopoé siswa SMP Negeri 2 Ciawi, kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi, jeung korélasi antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi Taun Ajar 2022/2023.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi ti panulis ka pamaca ngeunaan panalungtikan satuluyna.